



Depatman Sante Piblik Massachusetts

Biyomonitoring

Mezi Sibstans Chimik Anviwònman nan Kò a

Biyomonitoring se mezi sibstans chimik ki nan kò yon moun, anjeneral ou ka pran yon ti echantiyon san oswa pipi. Sa ede nou konnen konbyen nou ekspoze ak sibstans chimik ki nan anviwònman an.

Kisa sibstans chimik anviwònman ye?


Sibstans chimik anviwònman se sibstans ki fèt natirèlman oswa fabrike, epi yo ka jwenn nan:

- Lè nou respire
- Manje nou manje
- Dlo nou bwè
- Pwodwi nou achte
- Tè ki bò kote nou

Egzanp sibstans chimik anviwònman yo se:

- Metal tankou plon ak mèki
- Poliklorine biyfenil (PCBs)

Nou antre an kontak ak sibstans chimik anviwònman chak jou. Nou pa kapab evite yo nèt.



Kisa rezilta biyomonitoring di nou kòm endividi?

Yo ka di nou si nou:

- Te ekspoze ak sibstans chimik anviwònman
- Gen nivo nan kò nou ki pi wo pase nòmal

Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) ka pataje fason senp pou eseye diminye ekspoze yo (ekspozisyon).

Kisa rezilta biyomonitoring di nou kòm kominote oswa eta?

Rezilta biyomonitoring ka montre modèl ekspoze (ekspozisyon) ak sibstans chimik anviwònman nan kominote atravè Massachusetts. Sa ka ede DPH pran aksyon pou pwoteje sante moun yo.





Èske pifò moun gen sibstans chimik anviwònman nan san oswa pipi yo?

Wi, pifò nan nou gen sibstans chimik anviwònman nan kò nou. Yo ka afekte sante nou oswa yo ka pa afekte, sa depann de:

- Sansibite (nou) ak sibstans chimik la
- Kapabilite kò nou pou retire sibstans chimik la
- Kantite sibstans chimik ki nan kò nou
- Konbyen tan nou te ekspoze a li

Kiyès ki plis riske pou efè potansyèl sou sante?

Gen kèk moun ki gen plis chans pou gen efè sou sante. Sa yo enkli:

- Moun ki gen kondisyon medikal deja
- Timoun nan tout etap devlopman yo
- Timoun ki ap devlope nan vant manman yo
- Moun ki gen 65 an oswa plis

Kiyès ki anjeneral teste?

Nan Massachusetts, timoun piti fè tès san pou kontwòle ekspozisyon ak plon pandan vizit medikal regilye. Pafwa ajans sante piblik fè etid biyomonitoring espesyal. Selon etid la, manm kominote yo ka jwenn tès gratis pou kontwòle sibstans chimik anviwònman.

Kiyès ki teste echantiyon nan etid biyomonitoring yo?

Nan Massachusetts, Laboratwa Piblik Leta DPH teste echantiyon yo. DPH entèprete epi pataje rezilta yo.



Pou plis enfòmasyon sou biyomonitoring nan Massachusetts, tanpri kontakte:

Depatman Sante Piblik Massachusetts
Biwo Klima ak Sante Anviwònman
Divizyon Toksikoloji Anviwònman, Evalyasyon Risk ak Prevansyon
250 Washington Street, MA 02108
Telefòn: 617-624-5757 | TTY: 617-624-5286
www.mass.gov/dph/biomonitoring



Jen 2025